

# Idantifyan FSA Kòman pou Gid

Kreye yon Idantifyan FSA se premye etap nan ranpli FAFSA la

## Kisa yon Idantifyan FSA ye?

Idantifyan Èd Federal pou Etidyan (Federal Student Aid (FSA)) se yon non itilizatè ak modpas ki nesèsè pou konekte ak jwenn aksè nan tout sit entènèt Èd Federal pou Etidyan (Federal Student Aid), enkli FAFSA. Idantifyan FSA sèvi tou kòm yon siyati legal lè ou soumèt FAFSA w la.

Ale sou [studentaid.gov](https://studentaid.gov) epi klike sou "create account" nan kwen anwo dwat la. Aplikasyon an disponib nan lang angle ak panyòl.

## Ki moun ki ta dwe kreye yon Idantifyan FSA?

Ou menm ak youn oswa toulede paran ou dwe kreye yon Idantifyan FSA anvan ou ranpli FAFSA. Si ou se yon etidyan endepandan, ou p ap bezwen fè paran ou oswa gadyen legal ou kreye yon Idantifyan FSA. Si ou gen yon frè ak sè ki te ale nan kolèj anvan ou, paran ou ka deja gen yon Idantifyan FSA.

Apati otòn 2023, tout moun k ap founi yon FAFSA enfòmasyon ap bezwen yon Idantifyan FSA - enkli paran ki pa gen nimewo sekirite sosyal.

## Ki enfòmasyon mwen bezwen pou kreye yon Idantifyan FSA?

- Non konplè ak nimewo sekirite sosyal, jan yo parèt sou kat sekirite sosyal (si sa aplikab)
- Dat Nesans
- Adrès imel ak nimewo telefòn ki valab
- Aksè imedyat nan kont imel ou
- Adrès rezidansyèl ou

Anrejistre non itilizatè Idantifyan FSA ou ak modpas ou yon kote ki an sekirite.

# Idantifyan FSA Kòman pou Gid

## Pwosesis aplikasyon

Step 2 of 7  
Account Information

Because financial aid agreements are legally binding, you can't create an account for someone else, even another family member. Parents and students must create their own accounts.

Username

Email Address

Confirm Email Address

Password  Show Password

Uppercase  
 Lowercase  
 Number  
 No characters

Confirm Password  Show Password

**Kreye yon modpas ou pa itilize pou lòt kont, epi youn ki pa genyen non ou, dat nesans ou oswa nimewo sekirite sosyal ou.**

**Chwazi preferans kominikasyon w pou tout kominikasyon ki soti nan sitwèb Èd Federal Etidyan (Federal Student Aid).**

Step 4 of 7  
Communication Preferences

**Required Communications**

The U.S. Department of Education (ED) and its federal student loan servicers will need to send you required communications and documents related to your federal student aid, such as student loan disclosures and interest statements.  
I want to receive these communications:

By email **Recommended**

By selecting this option, you agree to receive required communications by email and confirm you have reviewed and agree to FSA's [Terms and Conditions](#).

By postal mail

**Informational Communications**

ED and its federal student loan servicers want you to feel confident about the financial aid and student loan process. To help with this, we will sometimes send out information about programs you may be eligible for, such as grant programs, student loan forgiveness programs, income-based repayment plans, and more.  
I want to receive these communications:

By email  
 By text message

**Kouman pou mwen poze kesyon defi yo?**

W ap bezwen chwazi kat kesyon defi nan yon lis deroule epi bay repons. Si ou bliye non itilizatè ou oswa modpas ou, ou ka bezwen reponn kesyon defi yo pou jwenn aksè nan kont ou.

Step 5 of 7  
Challenge Questions

Challenge questions and answers are used to retrieve your username or password if you forget them or if you need to unlock your account.  
Note: Answers are not case-sensitive.

**Challenge Question 1**

Question

Answer  Show Answer

**Challenge Question 2**

Question

Answer  Show Answer

**Challenge Question 3**

Question


Answer  Show Answer

# Idantifyan FSA Kòman pou Gid

Itilizasyon ak depanaj kont Idantifyan FSA ou a

Step 7 of 7

Enable Two-Step Verification



## Èske mwen ka modifye Idantifyan FSA mwen an?

Wi. Si enfòmasyon pèsònèl ou yo chanje oswa ou ta renmen mete ajou nenpòt bagay sou kont ou a, ou ka fè chanjman lè w konekte sou studentaid.gov epi chwazi "paramèt" anba enfòmasyon sou kont ou.

**Konfigire verifikasyon de-etap pou kenbe enfòmasyon pèsònèl ou pi an sekirite**

**Asire w ke enfòmasyon ki nan seksyon FAFSA paran an (SSN, non ak dat nesans) koresponn ak enfòmasyon ki sou kont Idantifyan FSA paran w la.**

## E si mwen bliye non itilizatè oswa modpas Idantifyan FSA mwen an?

Ou ka rekipere non itilizatè ou oswa fè voye yon kòd an sekirite nan telefòn/imel ou pou reyinisyalize modpas ou. Ou ka reponn kesyon defi w yo tou, men opsyon sa a vini ak yon peryòd datant 30 minit anvan ou ka itilize kont ou an ankò.

**Kisa pou m fè si m bezwen asistans?**

**Wè konseye uAspire ou a, imèl [studentsupport@uaspire.org](mailto:studentsupport@uaspire.org), oswa rele sant asistans Idantifyan FSA nan 1(800) 433-3243.**